

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


3.1 Sumber Data Panalungtikan

Numutkeun Moleong (1991: 113 dina) sumber data dina panalungtikan téh bisa mangrupa sumber pustaka, saperti dokumén buku atawa sumber tinulis séjénna. Anapon anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan nya éta buku kumpulan carpon *Ma Inung Néwak Cahaya* karangan Mamat Sasmita.

3.2 Desain Panalungtikan

Anu dimaksud desain panalungtikan nya éta sakabéh prosés anu diperlukeun dina rarancang jeung prak-prakanna panalungtikan nepi ka patalekan anu aya bisa dijawab.

Desain anu dipaké dina ieu panalungtikan kagambar saperti dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.3 Méthode Panalungtikan

Numutkeun Arikunto (2006: 160) anu dimaksud métode panalungtikan nya éta cara anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikanana. Hartina, métode panalungtikan mangrupa hiji patokan pikeun ngahontal tujuan dina prakna ngalaksanakeun panalungtikan.

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif. Méthode déskriptif nya éta métode anu digunakeun pikeun ngungkulan hiji masalah anu aktual ku cara ngumpulkeun, nyusun papasingan, ngajéntrékeun jeung nganalisis (Surakhmad, 1994 dina skripsi Zakiah 2007). Tujuan tina métode déskriptif nya éta pikeun ngadéskripsikeun atawa ngajelaskeun gambaran sistematis ngeunaan sumber data anu ditalungtik.

Ieu métode dipake pikeun ngadéskripsikeun struktur carita unggal carpon dina buku kumpulan carpon *Ma Inung Néwak Cahaya* karangan Mamat Sasmita anu satuluyna baris dilarapkeun pikeun bahan pangajaran alternatif maca carpon di SMP kelas VII.

3.4 Wangenan Operasional

Wangenan istilah anu aya patalina jeung judul panalungtikan, ditétélakeun saperti ieu di handap.

- 1) Struktur carita nya éta corak rakitan (susunan) komponén-komponén karangan anu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana carita nepi ka ngahasilkeun wujud karya sastra anu gembleng boga ma'na.
- 2) Carpon nya éta karangan (tinulis) rékaan atawa fiksi dina wangun lancar, prosa naratif. Plot dina carpon relatif basajan lantaran jumlah kajadian caritana henteu réa, museur kana kajadian utama, mangrupa hiji episodeu (Koswara, 2007: 8).
- 3) *Ma Inung Néwak Cahaya* mangrupa salah sahiji buku kumpulan carpon pedalan PT Kiblat Buku Utama di bulan Januari taun 2012 karangan Mamat Sasmita. Eusi tina ieu buku téh nya éta 12 carpon, nu judulna: 1) Nini Jumsih Moro Langlayangan, 2) Silang Sigeu, 3) Basa Mamah Rék Ngajual Imah, 4) Ateul 5) Kang Sabri Leungiteun Kalangkang, 6) Kang

Sabri mati Suri, 7) Gagal, 8) Wastu di Wastu, 9) Ma Inung Néwak Cahaya, 10) Onyét, 11) Nguseup, 12) Basa Mamah jadi Caleg.

- 4) Bahan Pangajaran nya éta matéri anu baris ditepikeun ku guru ka siswa dina prosés diajar-ngajar.
- 5) Maca nya éta kagiatan maham jeung mairan wacana tulis. Maca ogé mangrupa salah sahiji standar kompetensi anu aya dina kurikulum pikeun pangajaran basa jeung sastra Sunda.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data dina hiji panalungtikan (Arikunto, 2006: 150). Dina ieu panalungtikan, instrumén anu digunakeun nya éta kartu data. Tapi henteu sakabéh data anu ditalungtik ngagunakeun instrumén kartu data, anu maké kartu data ngan saukur pikeun nganalisis téma jeung latar.

Tabél 3.1 Kartu Data Téma

<p>Téma: Kode Carpon: Kaca: Cutatan:</p>
--

Tabél 3.2 Kartu Data Latar

<p>Latar Latar Tempat: Latar Waktu: Latar Sosial: Kode Carpon: Kaca: Cutatan:</p>
--

Katerangan

T: Téma

Lt: Latar

LtT: Latar Tempat

LtW: Latar Waktu

LtS: Latar Sosial

Kode Carpon

I: *Nini Jumsih Moro Langlayangan*

II: *Silang Sigeu*

III: *Basa Mamah Rék Ngajual Imah*

IV: *Ateul*

V: *Kang Sabri Leungiteun Kalangkang*

VI: *Kang Sabri Mati Suri*

VII: *Gagal*

VIII: *Wastu di Wastu*

IX: *Ma Inung Néwak Cahaya*

X: *Onyét*

XI: *Nguseup*

XII: *Basa Mamah Jadi Caleg*

3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa salah sahiji tarékah atawa cara (prosédur) anu kudu dilakonan kalawan ngagunakeun métode anu tangtu. Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta studi pustaka jeung téhnik dokuméntasi. Téhnik studi pustaka dina ieu panalungtikan dipaké pikeun néangan sumber tur tiori anu nohonan kana pamarekan anu digunakeun dina ieu panalungtikan. Sedengkeun téknik

Dea Apriani, 2013

Struktur Carita Dina Kumpulan Carpon Ma Inung Néwak Cahaya Karangan Mamat Sasmita Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dokumentasi digunakeun pikeun nganalisis sakabéh data anu sumberna tina téks carpon nu aya dina buku kumpulan carpon *Ma Inung Néwak Cahaya* karangan Mamat Sasmita.

3.6.2 Téhnik Ngolah Data

Data nu geus kakumpul saméméhna tuluy diolah kalawan ngagunakeun léngkah-léngkah atawa tahapan téhnik ngolah data sakumaha anu ditétélakeun ieu di handap.

1. Tahap Déskriptif

Tahap déskriptif dina ngolah data nya éta sakabéh data anu geus kakumpul dina ieu panalungtikan mimiti dideskripsikeun. Anu dideskripsikeunana nya éta eusi tina buku kumpulan carpon anu judulna *Ma Inung Néwak Cahaya* dina wangun sinopsis.

2. Tahap Klasifikasi

Dina ieu tahap, sakabéh data nu geus kakumpul saméméhna tuluy dipatalikeun jeung masalah nu rék ditalungtik ku cara ngaklasifikasikeun data anu geus dideskripsikeun luyu jeung permasalahan séwang-séwangan, nya éta ngaklasifikasikeun dumasar kana struktur caritana (dumasar kana téma, fakta carita anu ngawengku galur, tokoh jeung panokohan, latar tur sarana carita anu ngawengku sudut pandang jeung amanat). Sanggeus data diklasifikasikeun tuluy éta data téh dianalisis.

3. Tahap Analisis

Dina ieu tahap, sanggeus data diklasifikasikeun numutkeun kelompokna séwang-séwangan dumasar kana tiori anu luyu jeung panalungtikan, tuluy dianalisis ku cara ngadéskripsikeun hasil klasifikasi data nu mangrupa sempalan carpon dina buku kumpulan carpon *Ma Inung Néwak Cahaya* anu némbongkeun indikator-indikator anu baris ditapsirkeunana, nya éta ngeunaan struktur carita (téma, fakta carita, tur sarana carita) dina unggal carponna dumasar tiori Robert Stanton.

4. Tahap Interpretasi

Dina ieu tahap, hasil analisis data tuluy ditapsirkeun pikeun ngahontal papahaman anu luyu jeung tujuan panalungtikan. Sanggeus ditapsirkeun hasil analisisna, tuluy dilarapkeun pikeun bahan pangajaran maca carpon di SMP kelas VII ku cara nyieun bahan pangajaranana sarta dilarapkeun dina RPP.

